दिन–शुक्रवार दिनांक–22.11.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेशक चारि विधानसभा सीट बेलागंज, इमामगंज, तरारी आ रामगढ़ उपचुनावक लेल काल्हि भोर आठ बजे सँ मतगणना शुरू होयत। मतगणनाक सभ तैयारी पूर्ण कऽ लेल गेल अछि। दुपहर बाद धरि नतीजा अयबाक संभावना अछि। एहि चारि विधानसभ क्षेत्र सभ मे कुल अड़तीस प्रत्याशी चुनावी मैदान मे छथि। इंडिया गठबंधन सँ राजदक तीन आ भाकपा–मालेक एक उम्मीदवार अछि। ओतहि, एनडीए दिस सँ भाजपा दू सीट पर जखनकि जदयू आ हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चा एक–एक सीट पर चुनावी मैदान मे अछि। बहुजन समाज पार्टी दू जखनकि जनसुराज पार्टी सभ चारि सीट पर अपन उम्मीदवार ठाढ़ कयने छथि।

---

बिहार विधान परिषदक तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्र उपचुनावक लेल कुल सतरह उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। नामांकन आपसीक अंतिम तिथि धरि कियो उम्मीदवार अपन नाम आपस नहि लेलनि। उपचुनाव मे जदयू सँ अभिषेक झा, राजद सँ गोपी किशन आ जनसुराज पार्टी सँ विनायक गौतम प्रमुख उम्मीदवार छथि। उपचुनावक लेल पाँच दिसम्बर के मतदान होयत, जखनकि नओ दिसम्बर के मतगणना कयल जायत। देवेशचन्द्र ठाकुर के लोकसभा सदस्य निर्वाचित होयबाक कारण एहि सीट पर उपचुनाव कराओल जा रहल अछि।

---

राज्यक सरकारी प्रारम्भिक, माध्यमिक आ उच्च माध्यमिक विद्यालय सभ मे कार्यरत शिक्षक सभ कँ स्थानान्तरणक लेल शिक्षा विभाग आइ नव दिशा–निर्देश जारी कयलक अछि। प्राथमिक शिक्षा विभागक निदेशक पंकज कुमार जनौलनि अछि जे विशेष समस्या सँ ग्रस्त शिक्षकक स्थानान्तरणक लेल ई–शिक्षा कोष पोर्टल पर एक दिसंबर सँ पन्द्रह दिसंबर धरि ऑनलाइन आवेदन कऽ सकैत छथि। श्री कुमार जनौलनि जे असाध्य रोग सभ सँ जेनाकि कैंसर, किडनी, हार्ट आ लीवरक बीमारी सँ ग्रस्त शिक्षक सभ कँ स्थानान्तरण कयल जायत। ओतहि, मानसिक दिव्यांगताक आधार पर सेहो स्थानान्तरण भऽ सकत।

---

वित्त मंत्रालय दिस सँ आइ नव दिल्ली मे बिहारक महत्वाकांक्षी कोसी–मेची लिंक परियोजना पर सार्वजनिक निवेश बोर्डक बैसक आयोजित कयल गेल। बैसक मे वित्त मंत्रालयक सचिव आ वरीय अधिकारी सभक संग बिहारक जल संसाधन विभागक प्रधान सचिव संतोष कुमार मल्लक संग आन वरिष्ठ अधिकारी सेहो सम्मिलित भेलाह। छओ हजार करोड़ टाका सँ बेसी के एहि परियोजना सँ सुपौल, सहरसा, मधुबनी, खगड़िया आ कटिहार जिला के बाढ़ि सँ राहत मिलत। ओतहि, लगभग दू लाख पन्द्रह हेक्टेयर क्षेत्र मे सिंचाई सुविधा उपलब्ध होयत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ ग्रामीण कार्य विभागक लगभग नओ हजार करोड़ टाकाक लागति वला छओ हजार सँ बेसी योजना सभक पटना सँ रिमोटक माध्यम सँ उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। उद्घाटन कयल गेल योजना सभ मे मुख्यमंत्री ग्राम संपर्क योजनाक तहत नओ सय तेरासी करोड़ टाकाक लागति सँ सात सय तिरसठि सड़क आ चारि टा पुलक निर्माण कयल गेल अछि। ओतहि, शिलान्यासक तहत मुख्यमंत्री ग्राम संपर्क योजना अंतर्गत एक हजार आठ सय चौबीस करोड़ टाकाक लागति सँ चौदह सय सँ बेसी सड़क आ पाँच टा पुलक निर्माण कयल जायत। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री कहलनि जे एहि निर्माण काज सँ ग्रामीण क्षेत्र सभ मे आवागमन और सुगम होयत।

---

भारतीय जनता पार्टीक राज्य स्तरीय कोर कमिटीक एक महत्वपूर्ण बैसक आइ केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंहक नव दिल्ली स्थित आवास पर आयोजित कयल गेल। बैसक मे बिहार मे पार्टी द्वारा आयोजित कयल जायवला विभिन्न कार्यक्रम आ सांगठनिक मुद्दा सभ पर चर्चा कयल गेल। बैसक मे पार्टीक बिहार प्रभारी विनोद तावड़े, सह प्रभारी दीपक प्रकाश, पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल समेत कतेको केन्द्रीय मंत्री आ राज्यक मंत्री उपस्थित छलाह।

---

रेलवे भर्ती बोर्ड दिस सँ पच्चीस सँ उनतीस नवंबर धरि आयोजित होयवला सहायक लोको पायलट परीक्षा के देखैत विशेष ट्रेन सभक परिचालन कयल जायत। पूर्व–मध्य रेलक मुख्य जनसंपर्क अधिकारी सरस्वती चन्द्र जनौलनि अछि ज परीक्षाक दरमियान पटना सँ राँची,

बरौनी सँ धनबाद आ गढ़वा रोड सँ बिलासपुरक लेल परीक्षा स्पेशल ट्रेनक परिचालन कयल जायत। पटना–राँची परीक्षा स्पेशल ट्रेन चौबीस आ सत्ताइस नवंबर के पटना सँ दुपहर तीन बजे खुजि कऽ राति एगारह बाजि कऽ पैंतालीस मिनट पर राँची पहुँचत। बरौनी–धनबाद परीक्षा स्पेशल ट्रेन चौबीस आ सत्ताइस नवंबर के बरौनी सँ दिनक दू बजे खुजि कऽ राति दस बजे धनबाद पहुँचत। ओतहि, गढ़वा रोड–बिलासपुर ट्रेन गढ़वा सँ भोर छओ बजे खुजि कऽ राति एगारह बजे बिलासपुर पहुँचत।

————————————————————————

राजधानी पटना समेत राज्यक बेसीतर भाग मे पछिला चौबीस घंटाक दरमियान मौसम शुष्क बनल रहल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ रोहतासक डिहरी मे सभ सँ कम न्यूनतम तापमान एगारह दशमलव दू डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग अगिला तीन दिनक दरमियान प्रदेशक उत्तरी आ पूर्वी भागक किछु स्थान पर हल्का सँ मध्यम स्तरक कुहासा रहबाक संभावना जतौलनि अछि।

————————————————————————

समाप्त